# KÓSHPELI QABÍLLAW

Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi Baslıǵınıń orınbasarı - R.Zarikeev usı jıldıń 9-sentyabr kúni Bozataw rayonı  Aspantay APJ Porlıtaw elatında jaylasqan 12-sanlı ulıwma orta bilim beriw mektebinde aymaq turǵınlarınıń mashqalaların úyreniw hám olarǵa sheshim tabıw boyınsha jeke qabıllawın ótkerdi.

Image not found or type unknown

Ótkerilgen qabıllawǵa rayon hákimi K.Allaniyazov, sektor basshıları, rayon aymaǵında jaylasqan mákeme shólkem basshıları hámde awıl turǵınları qatnastı.

Qabıllaw dawamında puqaralardıń qıynap kiyatırǵan ishki jollardı ońlaw, elektr tarmaqların dúzetiw, ishimlik suwı, kredit máselesi, materiallıq járdem boyınsha múrájatleri tıńlandı.

Image not found or type unknown

Bildirilgen múrájatlar hár tárepleme talqılanıp, juwapkerlerge qısqa múddette saplastırıw boyınsha anıq tapsırmalar berildi.